

**PEMBELAJARAN MENGIDENTIFIKASI UNSUR DRAMA  
DENGAN MENGGUNAKAN MODEL *PROBLEM BASED LEARNING*  
BERBANTUAN MEDIA WATTPAD DI KELAS VIII  
SMPN 2 DAYEUEHKOLOT**

**RINGKESAN**

*Ieu panalungtikan dilaksanakeun lantaran kurangna kamampuh siswa dina maca téks drama jeung kasusah nu kaalaman dina nganalisis unsur-unsur drama. Faktor anu nyababkeun ieu diantarana kurangna digunakeunana modél jeung média pangajaran anu kréatif jeung inovatif ku para pendidik. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta: 1) Ngadéskripsikeun kamampuh nu nulis dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngaévaluasi pangajaran anu ngaidéntifikasi unsur-unsur drama ngagunakeun modél *Problem Based Learning* dibantuan ku média Wattpad. 2) Ngukur kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngalarapkeun pangajaran ngaidéntifikasi unsur-unsur drama ngagunakeun modél *Problem Based Learning* dibantuan ku média Wattpad. 3) Ngabandingkeun kamampuh siswa kelas kontrol jeung kelas ékspérimén dina diajar ngaidéntifikasi unsur-unsur drama ngagunakeun modél *Problem Based Learning* dibantuan ku média Wattpad. Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode kuasi ékspérimén kalawan desain *pre-test* jeung *post-test* sarta kelompok kontrol. Data anu dikumpulkeun ngawengku data pratés jeung postés siswa kelas ékspérimén jeung kontrol, nya éta siswa kelas VIII SMPN 2 Dayeuhkolot. Hasilna némbongkeun yén kamampuh siswa ngaronjat dina diajar ngaidéntifikasi unsur-unsur drama ngagunakeun modél *Problem Based Learning* dibantuan ku média Wattpad. Aya kanaékan rata-rata peunteun pretés tina 63,39 jadi 88,54 dina postés kelas ékspérimén. Aya béda anu signifikan antara hasil diajar siswa kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, kalawan rata-rata peunteun postés kelas ékspérimén 88,54 sedengkeun kelas kontrol 84,59.*

**Kata Kunci:** *Problem Based Learning, unsur drama, Wattpad.*